# Gadri  ki aproprye a devlopman mantal:
## Kesyon pou paran timoun yo

**Lis verifikasyon sa a ap pèmèt ou evalye pwogram gadri ki kapab bay ti zanfan ou yon anviwonman kote pitit ou ka pi alèz.  Ba lòt paran ki te mete timoun nan laj pitit nan yon lòt program referans ke ou genyen pou si ou ta gen yon pwen de vi sou on lòt program ke'w te pran an konsiderasyon.**

**Twa pi gwo bezwen devlopmman mantal zanfan se:**

**Bezwen pou devlope konfyans ak yon sans sekirite psn pa atchmn key yo genyen ak adilt yo.**

**Bezwen pou eksplore anvoronman avek tout bon sans yon n yon jan ki limite,ki an sekirite, e**

**Bezwen pou pran swen bezwen fizikal yon nan yon fason ki a le e pwop.**

# Kesyon pou pwogram ak moun ki sèvi timoun yo:

1. **eske kote pou jwenn yo cho, pwòp e konfotab? Eske li genyen objè enteresan pou manye, sifas varye pou eksplore ak vi ki klere e ki bel pou gade? Eske timoun yo gen dwa pou eksplore kote pou yo jwe ya?**

2. **eske kote pou domi yan silansye epi eske li on kote apa?**

3. **eske kote pou chanje ya apa de kuizin nan? Eske li pwòp?**

4. **eske bebe ya ka santil lwen de dsitraksyon, twòp estimiliyasyon ak konfizyon?**

5. **eske timoun nan ap chwazi lè pa li? Eske pwofesè ya bay chak timoun fleksibilite depndan chanjman ak bezwen timoun nan ap genyen nan lajounen yan?**

6. **eske pwofesè reponn a bezwen timoun nan vit? Eske pwofesè sa a gen lòt responsabilite ki ka anpeche'l reponn a bezwen timoun nan vit? Eske pwofesè ya reponn yon timoun kap kriye ak lajwa e afeksyon?**

7. **eske pwofesè ya jwe ak timoun yo le yap fè ti aktivite oubyen eske li jis reponn a bezwen fizik yo Selman? Eske yo kenbe timoun yo twop? Eske pwofese a pale e chante ak timoun yo? Eske li bay timoun nan kontak ak zyel epi eske li itilize bon mo?**

8. **eske yo kenbe timoun yo pandan yap bwe bibon? Eske kote oubyen pwofesè sa a sipòte paran ki bay timoun yo tete? Eske gen yon kote espesyal kote pou bay tete?**

9. **konbyen lòt timoun ki nan pwogram sa a ke pitit ou? ki laj yo?**

10. **eske pwofesè a mennen timoun yo deyò kote yo ka eksplore? Eske timoun nan al deyò regilyeman mande kijan yon jounen pase pou yon lòt timoun nan laj pitit ou ki nan menm pwogram ak piti ou.**

11. **ki moun ki responsab pou bay fomil? Manje timoun? Ki polisi ki genyen sou zafè manje ak bibon? ki moun ki responsab pou bay-diaper, dra, lòt rad pou chanje, yon béso oubyen chéz pou mete timoun chita nan machin?**

# Espesyalman pou pwogram gadri familal yo…

1. **eske stil d'inkyè ak filozofi, spesyalman nan bay limit, menm ak paw? Eske ou santi'w konfòtab ak stil/metòd li yo?eske moun nan ka adapte stil li ak diferan gwoup laj an menm tan respektedevlopman mantal pitit ou?**

2. **eske anvironman ranje pou yon timoun ki fenk pral antre lekòl navigue'l an sekirite? Eske tout bagay ki ka kraze nan yon plas kote pou timoun nan pa ka jwenn ni? Kote timoun nan ap plis pase tan'l? eske piti ou a ap pati nan yon machim ak pwofesè li ya? Eske se souvan? Eske ou konfòtab ak sa a?**

3. **ki lòt demand ki nan kay la ki pote a atansyon pwofesè ya? Eske yo ka yon obstak pou li bay pitit ou sipèvizyon ak intèraksyon?**

4. **ki eksperyans ke moun sa a genyen ak ti zanfan? eske li gen onkenn kalifikasyon spesyal oswa onkenn eksperyans edikasyonèl?**

5. **eske timoun yo ap vwayaje nan machin ak pwofese ya? Chk konbyen tan? Eske uo konfotab ak sa a?**

6. **eske p gen lot adil nan kay la lele day care yo? Yon asistan? Yon mari oubyen madanm? Yon pi gran timoun?**

# Espesyalman pou pwogram sant gadri yo…

1. **konbyen adilt kap pran swen pitit ou a? eske se menm moun yo kap pran swen pitit ou nan menm skèdjil chak jou oubyen chak semen?**

2. **ki kalifikasyon ak eksperyans ke chak moun sa yo ki pral gade piti ou a genyen? Eske yon genyen yon antrenman pesyal pou sa?**

3. **kijan wap fe kominike ak pwofese pitit ou? Eske li gen yon skedjil ke lib a ou pou chak jou?**

4. **ki filozofi moun sa yo genyen sou devlopman timoun ak limit ke yo bay? Eske li ale ak stil parantaj ou?**

**Child care rersource center inc. 130 Bishop Allen Drive, Cambridge, MA 02139**
**Parant infoLine 617-5471063 ext72**
**E-mail:parantinfo@ccrcinc.org**
**http://www.ccrcinc.org**